

## BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

### 5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun carita sajarah jeung novel *Pangéran Kornél*, maluruh babandingan struktur carita sajarah jeung novel *Pangéran Kornél* (téma, fakta carita, jeung sarana sastra), sarta maluruh hubungan intertékstualitasna (ékspansi, konvérsi, modifikasi, jeung ékserp). Data dina ieu panalungtikan téh mangrupa sakabéh carita anu aya patalina jeung *Pangéran Kornél* hususna tina carita sajarah jeung novel *Pangéran Kornél* anu diwewegan ku bukti-bukti sajarah, catetan sajarah, sarta hasil wawancara jeung narasumber anu dipercaya pikeun ditanya ngeunaan *Pangéran Kornél*.

Tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta tiori struktural Robert Stanton anu ngawengku téma, fakta carita (galur, tokoh/panokohan, jeung latar), sarta sarana sastra (judul, puseur implengan/puseur sawangan, jeung gaya basa). Ieu panalungtikan téh ngagunakeun pamarekan kualitatif, métode déskriptif analisis, sarta téhnik ngumpulkeun data kalawan instrumén tabél céklis dokuméntasi, tabél cutatan, jeung wawancara, ogé téhnik ngolah data kalawan instrumén kartu data.

Sabada dianalisis jeung dipedar, kapaluruh hasil yén carita sajarah jeung novel *Pangéran Kornél* téh eusina nyaritakeun ngeunaan lalampahan kahirupan *Pangéran Kornél* ti mimiti budak (basa ditinggalkeun ku indung bapana tilar dunya), nepi ka *Pangéran Kornél* tilar dunya tanggal 29 Juli 1828. Salila nyorang lalampahanana, *Pangéran Kornél* ngalaman sawatara kajadian, ti mimiti dilicikan jeung dijahatan ku Juragan Demang/Demang Dongkol katut Bupati Panyelang Patrakusumah, rék ditigas/dipaéhan ku Ki Permagati titahan Juragan Demang Dongkol, satuluyna indit ninggalkeun Sumedang muru ka Limbangan, ti Limbangan indit deui ka Cianjur tur waktu keur di jalan aya bégal anu megat, terus kungsi jadi tukang moro jeung tukang nganyam bilik di Kalapanunggal, satuluyna diangkat jadi Kapala Cutak/Wadana Cicalong, ngalaman jadi patih di Sumedang, sarta pamungkas diangkat jadi Bupati Sumedang nu miboga karisma, hébat, sarta suksés mingpin Sumedang.

Lian ti déskripsi anu dipedar saacanna, dina ieu panalungtikan ogé kapaluruh hasil babandingan struktur antara carita sajarah jeung novel *Pangéran Kornél*. Dina carita sajarah jeung novel téh kapaluruh ayana téma, fakta carita (galur, tokoh/panokohan, latar), jeung sarana sastra (judul, puseur implengan/puseur sawangan, jeung gaya basa). Jadi upama dicindekkeun, antara carita sajarah jeung novel *Pangéran Kornél* téh miboga struktur anu lengkep. Saterusna, téma carita sajarah jeung novel *Pangéran Kornél* sabada dibandingkeun téh aya sasaruana, nyaéta miboga téma pulitik sosial kanagaraan, anu nyaritakeun lalampahan kahirupan Pangéran Kornél ti leutik nepi ka tilar dunya, tapi sanajan témana sarua. Pasualan dina eusi caritana mah béda, dina carita sajarah kapaluruh aya pasualan pulitik nagara/pamaréntahan, rélasi kanagaraan, kalicikan jeung kasarakan, sarta kapamingpinan, sedengkeun dina novel nambahan hiji pasualan nyaéta rasa cinta ka kulawarga. Satuluyna, fakta carita galur. Galur dina carita sajarah mah basajan, sedengkeun dina novel mah leuwih kompléks, sabab diwangun jeung disusun ku 23 épisode, sarta unggal bab-na direumbeuy ku rupa-rupa kajadian. Tokoh/panokohan. Tokoh jeung panokohan dina carita sajarah mah leuwih réalistis, sedengkeun dina novel mah leuwih kompléks. Kitu ogé téhnik pelukisan tokohna, dina carita sajarah mah ngagunakeun téhnik ékspositori, sedengkeun dina novel mah ngagunakeun dua téhnik nyaéta téhnik ékspositori jeung dramatik. Satuluyna aya latar. Latar dina carita sajarah jeung novel sabenerna mah ampir sarua, utamana bagian latar tempat, sedengkeun dina bagian latar waktu, dina carita sajarah mah tandes, dina novel mah kurang tandes. Dina bagian latar sosial ogé kapaluruh aya nu ngabédakeunana, sabab dina carita sajarah mah latar sosial anu mindeng munculna latar sosial tingkatan ménak, sedengkeun dina novel mah kapaluruh ampir sakabéh latar sosial.

Sarana sastra. Kahiji judul. Sabada dipaluruh dina hasil panalungtikan jeung pedaran, judul dina carita sajarah jeung novel téh sarua, jadi teu kapaluruh ayana bébédaan. Kitu ogé dina bagian sarana sastra kadua, puseur sawangan/puseur implengan. Teu kapaluruh ayana bébédaan, sabab duanana ngagunakeun puseur sawangan/implengan jalma katilu-teu kawatesanan anu nuduhkeun yén pangarang/panulis leuwih bébas dina nyaritakeun eusi caritana. Pamungkas gaya basa. Gaya basa dina carita sajarah mah tandes, *lugas*, jeung langsung kana maksud nu rék ditepikeunana, sedengkeun dina novel mah kapaluruh ayana babasan jeung

paribasa, ogé kapaluruh ayana ragam basa, saperti ragam basa ménak Sunda; Kumpeni; abdi-abdi Dalem; santri/kaum agamawan; jeung masarakat/cacah.

Sakumaha anu ditétélakeun saméméhna, dina ieu panalungtikan ogé kapaluruh ayana hubungan intertékstualitas antara carita sajarah jeung novel *Pangéran Kornél*. Hubungan antartéks/intertékstualitas antara carita sajarah jeung novel anu kapaluruh téh ngawengku ékspansi (*perluasan/pengembangan*) unsur carita tina carita sajarah kana wangun novel, saterusna kapaluruh konvérsi tina carita sajarah kana novel, nu bisa katitén dina bagian eusi prasasti Jalan Cadas Pangéran, saterusna kapaluruh ayana modifikasi nu dibagi deui jadi tilu hal: modifikasi tokoh, modifikasi galur, jeung modifikasi kecap/kalimah, sarta pamungkas kapaluruh ayana intisari carita sajarah dina unggal épisode novel *Pangéran Kornél*, iwal ti épisode 1 nu mangrupa kréativitas/manggalasastra anu dijieun ku pangarang novel.

Jadi sabada dipaluruh jeung dianalisis, hasil tina ieu panalungtikan téh bisa dicindekkeun yén antara carita sajarah jeung novel *Pangéran Kornél* miboga déskripsi carita anu ampir sarua. Satuluyna kapaluruh ayana babandingan struktur carita. Pamungkas kapaluruh ayana hubungan antartéks/intertékstualitas carita sajarah jeung novel *Pangéran Kornél*, kalawan téks carita sajarah minangka téks hipogramna.

## 5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil analisis jeung panalungtikan anu geus dilaksanakeun, ieu panalungtikan téh miboga sababaraha implikasi dina sawatara widang ti mimiti widang pamaréntahan, widang sosial, widang atikan, jeung widang paélmuan, hususna élmu sajarah jeung élmu sastra.

Dina widang pamaréntahan, ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun data anyar ngeunaan *keterkaitan*/hubungan carita sajarah jeung novel anu satuluyna bisa dimangpaatkeun hasilna di Dinas Pariwisata jeung Kabudayaan Kabupatén Sumedang minangka data panalungtikan sastra-sajarah jeung budaya.

Dina widang sosial, ieu panalungtikan bisa jadi bahan informasi hususna anu patali jeung Bupati Sumedang taun 1791 nepi ka 1828, sarta bisa jadi bahan caritakeuneun ka masarakat Sumedang anu acan/kurang wanoh kana carita sajarah/novel *Pangéran Kornél*.

Dina widang atikan, ieu panalungtikan téh bisa jadi salasihiji modél atikan karakter, salasihijina nu patali jeung karakter pamingpin, anu tanggung jawab, cinta tanah air, cerdas, pinter, wani nangtang kana kagoréngan, buméla ka rahayat, jrrd.

Dina widang paélmuan, ieu panalungtikan téh bisa jadi dasar paélmuan ogé salasihiji kajian anu satuluyna bisa dimangpaatkeun, hususna patali jeung carita sajarah/novel *Pangéran Kornél*, babandingan struktur carita sajarah jeung novel *Pangéran Kornél*, sarta hubungan intertékstualitasna.

### 5.3 Rékoméndasi

Tina hasil panalungtikan, kapaluruh aya sawatara rékoméndasi anu ditujukeun pikeun sababaraha pihak anu aya patalina jeung ieu panalungtikan, nyaéta pikeun panalungtik satuluyna, pikeun pangatik, jeung masarakat umum.

Pikeun panalungtik satuluyna, mugia ieu panalungtikan bisa mangpaat jadi dasar paélmuan ogé jadi dasar tatapakan dina ngaguar deui panalungtikan anu leuwih jembar sarta aya patalina jeung ieu panalungtikan. Pikeun pangatik, mugia ieu panalungtikan bisa dijadikeun salasihiji sumber bacaan hususna anu patali jeung élmu sajarah, sastra, struktur karya sastra, sarta hubungan antartéksna. Pikeun masarakat umum, mugia ieu panalungtikan bisa mangpaat dina nambahan pangaweruh anyar ngeunaan carita sajarah jeung novel *Pangéran Kornél* salaku bupati anu suksés mingpin Sumedang ti taun 1791 nepi ka 1828.